

FEMA/Sant Rekiperasyon Dezas Eta Ouvè nan Konte Collier pou Sivivan Florida yo

Release Date: Septanm 24, 2017

Orlando, Fla. – Yon Sant Rekiperasyon pou Dezas (DRC) ap ouvè nan Dimanch 24 Septanm nan Konte Collier pou ede sivivan tanpèt Florida yo. DRC a ap ouvè 8 a.m. pou rive 8 p.m. sèt jou pa semèn jiska pwochen avi.

Sant Rekiperasyon Dezas la ofri sipò an-pèsон pou moun ak ti biznis yo. Espesyalis Rekiperasyon yo soti nan Administrasyon Jesyon Ijans Federal (FEMA), Administrasyon Ti Biznis nan Etazini [U.S. Small Business Administration (SBA)], ak Eta disponib pou bay asistans a nenpòt moun nan ranpli aplikasyon oswa mete estati yo ajou. Óganizasyon volontè yo disponib e yo ofri yon varyete sèvis pou ede sivivan yo rekipere.

DRC a nan adrès ki annaprè a:

Adrès: **Immokalee Community Center**
 321 N. 1st St
 Immokalee, FL 34142

Lè regilye: 8 a.m. pou rive 8 p.m. sèt jou pa semèn

Kòm plis sant ap ouvè, sivivan yo ka lokalize youn ki toupre yo nan <https://www.fema.gov/disaster-recovery-centers> oswa lè ou rele Liy Èd FEMA nan 800-621-3362, (TTY) 800-462-7585. Nimewo Liy Èd la se apati **7 a.m. pou rive 11 p.m., sèt jou pa semèn**. Enfòmasyon sou DRC disponib tou sou [FEMA Mobile App](#).

Pwosesis enskripsyon an se premye etap nan rekiperasyon an e li egzije enfòmasyon tankou kontra asirans, ak enfòmasyon labank pou posib transfè lajan dirèk. Nou ankouraje sivivan yo pou enskri anvan yo vizite yon DRC.



FEMA

Page 1 of 3

Si ou gen telefòn ak/oswa aksè entènèt, ou ka enskri nan youn nan fason ki annaprè yo:

- Sou entènèt nan [DisasterAssistance.gov](#).
- Rele liy Èd FEMA nan **800-621-3362** pou vwa, 711 ak Sèvis Relè Videyo (VRS). Si ou soud, gen difikilte pou tandem, oswa si ou gen yon pwoblèm pou pale e ou utilize yon TTY, rele 800-462-7585. Enfòmasyon sou pwosesis enskripsyon an disponib nan ASL nan: [fema.gov/media/library/assets/videos/111546](#).
- Èd disponib nan pifò lang yo.
- Telechaje [FEMA Mobile App](#) epi aplike

Ou ka gen lòt bezwen pandan wap vizite yon DRC:

- Si w bezwen yon akomodasyon rezonab tankou entèprèt Langaj Siy, Bray, gwo enpresyon, elatriye., ou ka rele nimewo liy Èd la pou sipò nan **800-621-3362**.
- Yo ofri tradiksyon lang grasa sèvis Entèpretasyon nan Telefòn nan 200 lang.

Ekip Asistans pou Sivivan Dezas (DSA) ap mache nan zòn ki afekte yo e yo ka fè enskripsioun pou sivivan yo pou asistans FEMA, si nesesè. Sèvis Entèpretasyon nan Telefòn disponib nan anpil lang pou ede sivivan yo avèk bezwen lang yo. Lè rezidan yo bezwen plis asistans, ekip yo ka refere yo nan yon DRC.

Si w déjà enskri, li pa nesesè pou vizite yon DRC, men ou ka toujou vle ale pou pale avèk yon Espesyalis Rekiperasyon pou mete estati w ajou oswa jwenn èd nan men lòt òganizasyon yo.

Ou pa bezwen repeye sibvansyon FEMA. Pa gen taks sou Èd FEMA e li pa pral afekte elijiblite w pou benefis Sekirite Sosyal, Medicaid oswa lòt benefis federal.

Sivivan yo ta dwe enskri menmsi yo gen asirans. FEMA pa ka repwodui peman asirans lan, men aplikan yo ki manke asirans ka resevwa èd apre yo fin regle reklamasyon yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou rekiperasyon Florida, vizite [fema.gov/hurricane-irma](#).

###



FEMA

Page 2 of 3

Asistans pou rekipere nan Katastwòf disponib san konte sou ras, koulè, reliyion, nasyonalite, sèks, laj, andikap, Konpetans Angle oswa estati ekonomik. Si oumenm oswa yon moun ou konnen te sibi diskriminasyon, rele liy telefòn gratis FEMA nan 800-621-FEMA (3362). Pou TTY rele 800-462-7585.

Asistans lojman tanporè FEMA ak sibvansyon pou depans transpò piblik, depans medikal ak dantè, ak depans pou fineray ak antèman pa egzije pou moun nan aplike pou yon prè SBA. Toutfwa, aplikan yo ki resevwa aplikasyon prè SBA dwe soumèt yo a yon ofisyé prè SBA pou yo ka kalifye pou asistans ki kouvri pwopriyete pèsonèl, reparasyon veyikil oswa ranplasman, ak depans pou demenaje ak estoraj.



FEMA

Page 3 of 3